ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№170 (21.578) ● 2009 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 9, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Узышлагъэ

Лъынтхуэм щеІэзэ центр

2010 гъэм КъБР-м и Республикэ клиникэ сымаджэщым хэту къызэІуахыну я мурадщ лъынтхуэм щеІэзэ щІыналъэ центр.

АБЫ и лъэныкъуэкІэ яп лъэбакъуэхэр ячащ - УФ-м Узышлагъэр хьуменымкІэ, лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм зыхуагъэзащ зыхуеину медицинэ Іэмэпсымэхэр кьухурагъэшэну икІи а Іуэхур тэмэму зэтеублэнымкІэ яхуэзфІэкІ кьыззрамыгъэнэнур, республикэ бюджетым и мылькуи абы зэрыхалъхьэнур зэрыт тхыгъэ хуагъэхьащ. Центрым сом мелуан 253-рэ и уасэ оборудованэ щІагъэувэн хуейщ. Мы зэманым республикэ клиникэ сымаджэщыр зэрагъэпэщыжащ. 2007 - 2008 гъэхэм кьатитІу зэтет и унэ нэхьыщхьэр къызыхэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжам и фІыгъэкІэ, абы идижырей ІэмэпсымэфІхэр щІэбгъэувэу кьыщызэІупх хьунущ лъынтхуэмрэ щхьэмрэ операцэ щащІыну пшхэр. Апхуэдэу хьэзыр ящащ компьютер томографыр, ангиографическэ аппаратыр, УЗИ зэращІыну Іэмэпсымэхэр зыщІагъэувэнхэр.

Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщыхэІуахыну щІыналъэ центрым мыхьэнэщхуэ иІэщ, сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ лъынтхуэ узыфэгъэнымкІэ лъэныкъуэкІэ ныбжьыкІэ мыхьэнэщхуэ иІэщ, зыгъэщхьэжагъэр.

ЦІыхухэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм хохьуэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къыщыхэІуахащ узышлагъэр щызэфІагъэувэж центру 2. Ахэр хэтщ физкультурэкІэ щеІэзэ республикэ центрымрэ Прохладнэ къалэ сымаджэщымрэ.

АПХУЭДЭ Іуэхущапэ-хэр УФ-м Узышлагъэр хьуменымкІэ, лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ къызэрагъэпэщащ икІи я лжэныгъэр зыхуэунэтІар узышлэу псэуным ЦІыхухэр къыхуеджэнырщ, псом хуэмыдэу фадэрэ тутыну ирафыр нэхь мащІэ щІыныр щ.

2012 гъэм ирихьэлІэу Узышлагъэм и центру 18 республикэм къыщызэІуахыну я гугъэщ. Абыхэм республикэм щыпсэу дэтхэнэ зыри я узыфэхэм теуухуэу дохутырхэм щепсэлъэфынущ, я лъым никотину, холестерину хэлъыр зыхуэдизыр кьащапщыфынущ икІи щхьэ и узынщагъэр зэрыригъэфІэкІуэным теуухуэ программэ щхьэхуэ щыхуэхалъхьэфынущ.

Узышлагъэм и центрхэр тэмэму зэтеублауэ лжъэн щхьэкІэ, ахэр зыхуеину оборудованэхэр кьращэхуну федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу сом мелуан 1,49-рэ, республикэм и щІыналъэм и щІыпІэ-щІыпІэ зыужьынгъэмкІэ щІыналъэ центрым и Правительствэмрэ Узышлагъэр щызэфІагъэувэж центрым и Профессор, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ щІэныгъэмкІэ щІыпІэ зиІэ я лэжьакІуэ ФиІэпщэ Борис Хьэмзэт и кІуэм и фэеплъ.

КъБКъМА-м и ректор Жэрыкъуэ Борис пэмІур щиублэрэ кьыхигъэщащ республикэми, Урысейми мэкъумэщ щІэныгъэхэм зыщегъэужьыным ФиІэпщэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІар, щыІм и зэхэлъкІэр, и зехьэкІэр джыным теуухуэ и кьэхутэныгъэ гъуэгуанэ зэдэжэхэм кьэралым аграриемкІэ и ежкапІэ нэхьащхьэ пэрытхэм я ежкагъэшхуэхэм я деж пщІэшхуэ зэрыщІгъуэтар.

- Мы Іуэхугъуэр и щыхьэтщ зи ГъащІэм и Іэфы-пІэм щыщу ежкапІэ нэхьащхьэм илъэс 50 езыта, илъэс 20-кІэ ректору лэжьа щыхум, егъэжакІуэм, ежкагъэшхуэм и фэеплъыр нобэрей щІэблэм зэрафІэлъапІэр. Къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен, мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрэу Ерчэн Темболэт, ЩхьэгъэпсО Сэфарбий сымэ ди мурадыр кьыззрыддаІыгъар икІи сыт и лъэныкъуэкІи кьыззэрыддэІэпыкъуар.

ФиІэпщэ Борис фІыкІэ ягу кьагъэкІыжу пэкІуэ кьыщыпсэльащ ЩхьэгъэпсО Сэфарбий мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ министрым и кьуэдзэ Дзэху Валерэ, республикэм и Къэзыпщыгъэ-кьэзыбж палатэм и унафэщ Рахаев Борис, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу и ныбжьэгъуфІу щыта Аргун Олег, КъБКъМА-м агрономиемкІэ и кафедрэм и профессор ЖъощІэлІ Руслан, ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъныныгъэмкІэ Федеральнэ Іуэхущапэм и щІыналъэ кьудамэм и унафэщ Сэхьурокьуэ Хьэутий, Къэбэрдей-Балькъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министру лэжьа Кьущхьэ Іэмырхан сымэ, нэгъуэщІхэри.

ФиІэпщэ лъэпкъым кьыбгъэдэкІыу Борис и кьуэш Залымджэрий мы Іуэхур кьыдэзыхахэми, дэзыгъэкІаэми кьыхуащІа апхуэдэ пщІэшхуэм папщІэ фІыщІэ яхуищІащ.

ПэмІум хэтахэм ФиІэпщэ Борис и фэеплъым удэ гъэгъаэхэр тралъхьащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Цыхум и хуитыныгъэхэр хьуменымрэ щІыхубэ жыгъэгъэ институтхэм зетуэжьныныкІэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым дежи щыІэ комиссэм зи чэзу зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

АБы щЫХЭПЛЪАЩ Республикэпсо сымаджэщым и лэжьакІуэхэм цыхухэм я хуитыныгъэхэр зэрагъэзащІэм, комиссэм зыкъыззэрыхуагъэза Іуэхугъуэхэм, политикэ и лъэныкъуэкІэ лей зытехьахэм яфІэкІуэдауэ щыта мылькум пэкІуэж компенсацэ етыным.

Республикэпсо сымаджэщым и Іэхуэхэм теухуауэ и гукъеуэхэр утыку кьрилъхьэу абы кьыщыпсэльащ Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм, Іэщ-кІэ зэщІэуэзда кьарурмрэ хабзэхьэумэ органхэмрэ хэтахэм я Къэбэрдей-Балькъэр советым и унафэщІ **Шыхьэбахьуэ Мухьэмэд.**

Зэ Іущ Іэр зэрекІуэкІар зэпкърыхауэ кьэзыІуэтэж тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ГЪУЩІО Зарифь.

ХэкІыпІэ къаЛъыхъуэ

Илъэс куэд хьауауэ лажьапІэ Іэнатіэ Іутхэм я мызэхуауэ, дунейпсо кризисым егъэпІейтей еджапІэхэр кьэзыхуахэри.

УРУСЕЙ Федерацэм вузхэм кьыщызэІуах еджапІэр кьэзыухахэр пІалъэкІэ щылажьэн ІуэхущапІэхэр. Къэбэрдей-Балькъэр кэрал университетми апхуэдэ ІуэхущапІэм и лажьыгъэр щызэтраухуэ. Дауи, еджапІэм кьыщІэкІа псори абы Іэнатіэкіэ кьызэригъэпэщыфынукъым. Ауэ КъБКъУ-р щІыуэ кьэпхуэ ящыжьыщІэр зэпеуэм пхыкІмэ, университетым егъэбыдыІа хэщІапІэм и мазэ зыбжанэкІэ Іуэхум щыхагъэгъуэзэнущ, лажьапІэ кьыкъуэкІмэ, абы хуэзэзыру щытыпи папщІа: Мы программэм хагъэхьэркъым аспирантурэм щІэтІысхьахэр.

ЕджапІэ кьэзыухахэр лажьыгъэкІэ кьызэригъэпэщу КъБКъУ-м щыІэ кьудамэм и унафэщІ Щэфий Асльэн зэрыжиІамкІэ, Іэщ Іагъэ зэрыгъэгъуэтахэм ящыщу нэхъыфІу еджакэр кьыхашынурэ абыхъэм университетым стажировкэ щрагъэкІуэкІынущ, адэкІэ Іэмал зэриІэкІэ лажьыгъэ Іэнатіэкіэ кьызэригъэпэщынущ.

Гъэмахуэ зыгъэпэсэхуэгъуэхэм студент куэдым лажьапІэ кьыхуиГъуэтащ а Іуэхущ Іапі эм, уеблэмэ хамэ кьэралыбзэ зыщІэхэр нэгъуэщІ щыналъэхэм щигъэлажьащ. Мы гъэм япуэ зэтраубла Іуэхущ мыр икІи я гугъэщ илъэс кьакІуи я зэфІэкІым хагъэхъуэну.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

●Дыгъуасэ

Гукъеуэхэм хоплъэ

ЯфІэкІуэдауэ щыта мылькум пэкІуэж компенсацэ етыным.

Республикэпсо сымаджэщым и Іэхуэхэм теухуауэ и гукъеуэхэр утыку кьрилъхьэу абы кьыщыпсэльащ Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм, Іэщ-кІэ зэщІэуэзда кьарурмрэ хабзэхьэумэ органхэмрэ хэтахэм я Къэбэрдей-Балькъэр советым и унафэщІ **Шыхьэбахьуэ Мухьэмэд.**

Зэ Іущ Іэр зэрекІуэкІар зэпкърыхауэ кьэзыІуэтэж тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ГЪУЩІО Зарифь.

●Прохладнэ куей

Ухуэныгъэр ёокІуэкІ

Прохладнэ куейм кьыщыгаръжьащ гипсымрэ гипсокартон пкъыгъуэхэмрэ щагъэхьэзырыну завод ухуэныр. Мыр «Капитал инвест» Іуэхущ Іапі эм и инвестицэ проектым тету ящІ ухуэныгъэщ.

КъБР-м и Президентым дежи Инвестицэхэмкіэ щыІэ советыр проектым хэпІъэ нэужь, ухуэныгъэм зи мыльку хэзыльхьахэр щыІащ яГъэувыну линэхэр щагъэхьэзыру Германием, Италием, Китайм щыІэ заводхэм икІи щыгъуазэ защІащ абыхэм кьыхуагъэлъагъуэ Іэмэпсымэхэр зэрагъэлэжьэну щыкІэхэм. КъБР-м икІа Іэщ Іагъэлъ Іхэм ахэр техникэ-экономикэ и лъэныкъуэкІи ди щІыпІэм хуэкІуэу кьыхахащ. Мы зэманым и кІэм нагъэ гипсокартоныр кьыщыщІагъэкІ линэхэм ехьэлІа монтаж лэжьыгъэхэр. Абы кьыкІэлъыкІуэу и ужь ихьэнущ гипс кьызыхащІыкІ мывэхэр щагъэсэныу хьэкухэр убзыхуным. КитаймкьикІа Іэщ Іагъэ пІхэм я гъусэу ирагъэкІуэкІ монтаж лэжьыгъэхэр жапуэгъуэ - щэкІуэгъуэ мазэхэм кьырибудэу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

Гипсыр кьызыхащІыкІыну мывэхэр Іуащ Іъэмахуэ куейм кьрашынущ. Заводыр хьэзыр хьумэ, зы илъэсым хуэзэу гипсокартон зэбгъуэнатІэ мелуан 15-рэ ухуэныгъэм кьыщагъэсэ-бэп гипсу тонн мин 78-рэ кьыщІикІыкІынущ. Мы ухуэныгъэм текІуэдэнущ сом мелуан 700-м щигъу. Заводым кьыщІигъэкІ пкъыгъуэхэр ди республикэм щекІуэкІ ухуэныгъэхэм я мызакъуэу, Сочэ щаубзыху Олимп ухуэныгъэхэми кьыщагъэсабэпынущ.

Ухуэныгъэр зэрекІуэкІым УФ-м Архитектурэмрэ ухуэныгъэмкІэ и министерствэм и къэпщытакІуэхэм тІкІийуэ я нэІэ тетщ. Заводым и лъабжьэр игъэтІылъащ Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ «Геотехстрой» фирмэм. Къэбэрдей-Балькъэрым дежи а мыкъэна ин зиІэ заводым и ухуэныгъэр 2009 гъэр имыкІыу яухыну я мурадщ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Дипломат зэпыщІэныгъэхэр ирагъажьэ

АБХЪАЗ. *Абхъазым нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министрым и къуэдзэ Гинаджие Максим зи пашэ лЫкІуэ гуп иджыблагъэ ящІэу Латин Америкэм ежьащ.*

АБХЪАЗЫМ и лЫкІуэхэр яп щІыкІэ Венесуэлэм и Каракас къалащхьэм къыщыгуфІэнущ. ИужькІэ ахэр щыхьащІэнущ Кубэм, Боливием, Никарагуам.

Республикэм нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Шамбэ Сергей зэрыжиІамкІэ, Абхъазым и лЫкІуэхэм я къалэн нэхъыщхьэр Латин Америкэм и къэралхэм хуаІэ дипломат, зэныбжьэгъугъэ, экономикэ зэпыщІэныгъэхэм зрагъэужьыныр.

Никарагуам и президент Ортегэ Даниель Абхъазым и Президент Бэгъэнщ Сергей республикэм и лЫкІуэхэр и деж щигъэблагъэну зэригуапэр къызыхэщІ письмо иджыблагъэ хуигъэхъащ.

Урысейр къащхьэщож

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я унафэщІхэм иджыблагъэ яхуигъэхьа тхыгъэм къыщыхощ. республикиІыр я щІыналъэ хущытыжь къэралыгъуэ щхьэхуэу УФ-м къэгъазэ имыІэу къыззрилъытар икІи абы зэрытемыкІынур.

МЕДВЕДЕВ Дмитрий къыхигъэщащ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ сату-экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэфІхэр яГъэтіну Іэмал зэраІэр, Урысей Федерацэр сыт и лъэныкъуэкІи абыхэм зэрадэІэпыкъунур, къаззрыщхьэщыжьынур.

ЩІыхуэр зытрагъэкІыж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *ЛэжьакІуэхэм я улахуэхэр зэрат щІыкІэр зэхигъэкІын мурадкІэ республикэм Лэжьыгъэмкіэ и къэрал инспекцэм щІынаІэм и Іуэхущапі эм 17-рэ дыдэрэ илъэсым къриубыдэу къыщыштащ.*

ИНСПЕКЦЭМ и унафэщІ Къубекъуэ Альберт зэрыжиІамкІэ, къэпщытэныгъэхэр ирагъекІуэкІащ республикэ прокуратурэм, КъШР-м ЦІыхухэр лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ къызэрагъэпэщыныкІэ и центрым, щІынаІэм ящыщ ЩІыхуэр зытрагъэкІыжу ЩІыхуэр зытрагъэкІыжу дунейпсо щІыналъэхэм я ныбжьыкІэ ныбжьыкІэ щІыпІэ-щІыпІэ зыужьынгъэмкІэ щІыналъэ центрым и Профессор, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ щІэныгъэмкІэ щІыпІэ зиІэ я лэжьакІуэ ФиІэпщэ Борис Хьэмзэт и кІуэм и фэеплъ.

КъБКъМА-м и ректор Жэрыкъуэ Борис пэмІур щиублэрэ кьыхигъэщащ республикэми, Урысейми мэкъумэщ щІэныгъэхэм зыщегъэужьыным ФиІэпщэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІар, щыІм и зэхэлъкІэр, и зехьэкІэр джыным теуухуэ и кьэхутэныгъэ гъуэгуанэ зэдэжэхэм кьэралым аграриемкІэ и ежкапІэ нэхьащхьэ пэрытхэм я ежкагъэшхуэхэм я деж пщІэшхуэ зэрыщІгъуэтар.

- Мы Іуэхугъуэр и щыхьэтщ зи ГъащІэм и Іэфы-пІэм щыщу ежкапІэ нэхьащхьэм илъэс 50 езыта, илъэс 20-кІэ ректору лэжьа щыхум, егъэжакІуэм, ежкагъэшхуэм и фэеплъыр нобэрей щІэблэм зэрафІэлъапІэр. Къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен, мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрэу Ерчэн Темболэт, ЩхьэгъэпсО Сэфарбий сымэ ди мурадыр кьыззрыддаІыгъар икІи сыт и лъэныкъуэкІи кьыззэрыддэІэпыкъуар.

ФиІэпщэ Борис фІыкІэ ягу кьагъэкІыжу пэкІуэ кьыщыпсэльащ ЩхьэгъэпсО Сэфарбий мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ министрым и кьуэдзэ Дзэху Валерэ, республикэм и Къэзыпщыгъэ-кьэзыбж палатэм и унафэщІ Рахаев Борис, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу и ныбжьэгъуфІу щыта Аргун Олег, КъБКъМА-м агрономиемкІэ и кафедрэм и профессор ЖъощІэлІ Руслан, ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъныныгъэмкІэ Федеральнэ Іуэхущапі эм и щІыналъэ кьудамэм и унафэщІ Сэхьурокьуэ Хьэутий, Къэбэрдей-Балькъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министру лэжьа Кьущхьэ Іэмырхан сымэ, нэгъуэщІхэри.

ФиІэпщэ лъэпкъым кьыбгъэдэкІыу Борис и кьуэш Залымджэрий мы Іуэхур кьыдэзыхахэми, дэзыгъэкІаэми кьыхуащІа апхуэдэ пщІэшхуэм папщІэ фІыщІэ яхуищІащ.

ПэмІум хэтахэм ФиІэпщэ Борис и фэеплъым удэ гъэгъаэхэр тралъхьащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Мэкъумэш академием и яп ректорым и фэеплъ

КІуэкІуэм и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр кьэралмэкъумэш академием и агрономиемкІэ и факультетым и еджапІэ корпусым и гупэм дежи фокІадэм и 7-м къыщызэІуахащ аграриемкІэ и ежкапІэ нэхьыщхьэм и яп ректор, биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ щІэныгъэмкІэ щІыпІэ зиІэ я лэжьакІуэ ФиІэпщэ Борис Хьэмзэт и кІуэм и фэеплъ.

КъБКъМА-м и ректор Жэрыкъуэ Борис пэмІур щиублэрэ кьыхигъэщащ республикэми, Урысейми мэкъумэщ щІэныгъэхэм зыщегъэужьыным ФиІэпщэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІар, щыІм и зэхэлъкІэр, и зехьэкІэр джыным теуухуэ и кьэхутэныгъэ гъуэгуанэ зэдэжэхэм кьэралым аграриемкІэ и ежкапІэ нэхьащхьэ пэрытхэм я ежкагъэшхуэхэм я деж пщІэшхуэ зэрыщІгъуэтар.

- Мы Іуэхугъуэр и щыхьэтщ зи ГъащІэм и Іэфы-пІэм щыщу ежкапІэ нэхьащхьэм илъэс 50 езыта, илъэс 20-кІэ ректору лэжьа щыхум, егъэжакІуэм, ежкагъэшхуэм и фэеплъыр нобэрей щІэблэм зэрафІэлъапІэр. Къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен, мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрэу Ерчэн Темболэт, ЩхьэгъэпсО Сэфарбий сымэ ди мурадыр кьыззрыддаІыгъар икІи сыт и лъэныкъуэкІи кьыззэрыддэІэпыкъуар.

ФиІэпщэ Борис фІыкІэ ягу кьагъэкІыжу пэкІуэ кьыщыпсэльащ ЩхьэгъэпсО Сэфарбий мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ министрым и кьуэдзэ Дзэху Валерэ, республикэм и Къэзыпщыгъэ-кьэзыбж палатэм и унафэщІ Рахаев Борис, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу и ныбжьэгъуфІу щыта Аргун Олег, КъБКъМА-м агрономиемкІэ и кафедрэм и профессор ЖъощІэлІ Руслан, ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъныныгъэмкІэ Федеральнэ Іуэхущапі эм и щІыналъэ кьудамэм и унафэщІ Сэхьурокьуэ Хьэутий, Къэбэрдей-Балькъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министру лэжьа Кьущхьэ Іэмырхан сымэ, нэгъуэщІхэри.

ФиІэпщэ лъэпкъым кьыбгъэдэкІыу Борис и кьуэш Залымджэрий мы Іуэхур кьыдэзыхахэми, дэзыгъэкІаэми кьыхуащІа апхуэдэ пщІэшхуэм папщІэ фІыщІэ яхуищІащ.

ПэмІум хэтахэм ФиІэпщэ Борис и фэеплъым удэ гъэгъаэхэр тралъхьащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

●Тхьэлъыщ Іэ

ЕтІуанэу къыдокІ

«Хабзэр щыху къэс, унэгъуэм, лъэпкъым я папщІ, я набдзэщ, я бзыпхъэщ, я нэмысщ, я гъащІэ гъуэзэщ» - апхуэдэ псалъэхэмкІэ яублэ Шэрджэс Алийрэ Хьэкъун Мухьэмэдрэ я Іэдакъэ къыщІэкІа «Адыгэхэмрэ ахэм я хабзэхэмрэ» тхылъыр.

ИЛЪЭСИБГЪУ хьауад ар дунейм къыззрытехьэрэ. Куэд зэрыщІэупщІэр, щІэблэр гъэсэныкІэ мыхьэнэщхуэ зэриІэр кьаІылъэрэ, Шэрджэс Алийрэ Хьэкъун Мухьэмэдрэ я тхылъыр иджыблагъэ етІуанэу кьыдагъэкІыжащ. Ар зи жэрдэмыр Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Нальшык дэт «Адыгэ унэм» и тхьэмадэ Іутпык Мэжидрэщ.

ЛэщыщІыгъэ кІыхь Іэджэ хьауэу адыгэхэм кьадэгъуэгурыкІуэ лъэпкъ хабзэхэм я нэхъыбапІэм я гъабжьэр куущ, я мыхьэнэмрэ я купщІэмрэ зэманым кьелащ, абыхэм ноби щІапыкІ ди лъэпкъым кьыщІэхъуэ щІэблэхэр - ахэр щыхутІэм, Лыпытэм, захуэ Іуэгъуэщ Іъэпкъым кьыдэгъуэгурыкІуэ хабзэхэм мыхьэнэуэ яІэр.

Дауэрэ зэфІэува адыгэ лъэпкъ хабзэхэр, цІыхур сытым хуаущИрэ абыхэм, сыт я щыфэІыпфэ, сыткІэ кьащхьэщыщкІрэ ахэр кІуэдакъым икІи щызэтрикъуаткъым.

МЧС-м и лъыхрэр Іуэхухэм зэрыхухэзыр щІалэр №1-м изэ яІэтащ. ЩІыр щыхъеи щІыналъэхэм абы и лжжьакІуэхэр ягъэхуащ, щытыкІэр зыхуэдэр зэхагъэкІыу, куей администрацэхэм ядэІэпыкъун папщІэ. А Іуэхум йолажь щІыхь 83-рэ техникэ зэмылІэужьыгъуэу 19-рэ.

ЯгурыІуэн папщІэ

Дыгъуасэ ООН-м и Генеральнэ секретарь Пан Ги Мун Мексикэм кІуащ. Іэщ Іъэкъуэдыныкъэ Мехикэ къаІэм щекІуэкІ дунейпсо форумым хэтын папщІэ.

Ар нобэ зэхуащІыжынущ. Абы хэтщ дуней псом къыкІахэу, правительствэхэм я мэйуэ организацэ 1000-м щІигъуэ я лЫкІуэхэр. ЗэІущІэр нэхьыбэу зытеухуар ядернэ, нэгъуэщІ Іэщэхэр гъэкІуэдыныкІэ, цІыху куэд зэуэ укІыным хэущІа Іэщэ лЫэужьыгъуэхэм земыгъэубгъэныкІэ, ахэр кьызыхащІыкІыр зимыІэхэм я Іэрымыгъэхэмыкі дунейпсо зэдэлэжьэныгъэм пыщІа Іуэхугъуэхэращ.

Конференцым кьызэщІнубыдэу, Пан Ги Мун и мурадщ правительствэхэм я мэйуэ организацэхэм я лЫкІуэхэм (я щІалэгъуалэ лЫкІуэхэри абы хэту) Іуэщ Іэну. Къищынэмыщ Іауэ, ар хуэзэнущ Мексикэм и президент Филипе Кальдеронрэ министр зыбжанэмрэ, фокІадэм и 15-м кьыщІэуа ООН-м и Генеральнэ ассамблеем и 64-нэ сессэм кьыщІэтыну Іуэхугъуэ зыбжанэмкІэ ягурыІуэн папщІэ.

Псори чэфти...

Афганистаным щыІэ кьаръ зэгуэтым и унафэщІ Стэнди Маккристал унафэщІ щІам ипкъ иткІэ, абы и зы зауэлІи фалэ зыІуэльхьэну хуиткым.

Дзэм апхуэдизу иГу иримыхьа унафэр Маккристал кьыщтэн хуей хуэщ, зэрычфым е зэрычэфыкъыпкъым я зэрикІэ сэлэтхэм я кьалэн тэмэму ягъэзащІу щилъагъум. Ар щІигъэпсынщІащ Кьундуз щыІпІэм кьыщыхьуам: НАТО-м и авиацэм кьридзыха бомбэм а куейм щыпсэу щыхунцэ хуэдизтхьэмахуэ кІуам нукІат, ауэ ар кьызэрыхьуа щІыкІэр кьзэІуэтэжьи зауэлІ Стенли Маккристал игъэуатхьэм, псори чэфт, е чэфыкъыпкъу щхьэуэзым «ихьти». ЗэкІуэдахэм я нэхьыбэр мамыру псэу щІыхуу кьыщІэкІащ.

♦Дахагъэм и дунейпсо махуэщ
♦Таджикистан Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - 1991 гъэм къэрал щІыхьэуит хьауад.
♦ИлъэсипэУрысей Федерацэм дипломат зэхущытыкІэхэр ярищІапІащ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ.
♦ИлъэсК65-рэ ипэ дипломат зэхущытыкІэхэр зэхуаІэ хьуащ СССР-мрэ Иранымрэ. 1991 гъэм Урысейм СССР-м и кьалэнхэр кьыщтащ.
♦ФокІадэм и 9-10-хэм Рим (Италие) щекІуэкІынущ Мэкъумэш зыужьыныгъэмкІэ дуней псо фондым и гъэзэщІакІуэ советым и 97-нэ зэхуэм.
♦Венэ щызэхэтынущ щыдагъэзыщІэ къыралхэм я организацэм (ОПЕК) и конференцым и зи чэзу зэІущІэ.
♦ФокІадэм и 9-12-хэм Крыницэ (Польшэ) щызэхэтынущ экономикэмкІэ XIX дунейпсо форум (КъуэкІыпІэ-Европей Давоскіэ зэджэр).
♦Хъэрып Эмират Зэгуэтым къыщызэІуахынущ дуней псом щынэхъ льагэ унэр (метр 818-рэ мэхъу) - Бурдж Дубай и чэщанэр.
♦1970 гъэм Волжскэ автозаводым «ВАЗ-2101» («Жигули») автомашинэхэр къыщІигъэкІыу щІидзащ.
♦Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 37-м, кьуэдыжыпуи сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 31-м.
♦Махуэм и кІыхьагъэр сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 54-рэ.

ПІлыкІэр зыгъэхьэзырыр
ГЪУЩІО Зарифь.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Жэщ къыптехъуэу уемыжьэу, нэху къыптещхьэу ежьэ.

●Къэхъуэкъащ Іэхэр

КъБР-м и МЧС-м къет

ФОКІАДЭМ и 7-8-хэм я жэщым, Мэзкуу и зэманымкІэ сыхьэтэ 2-рэ дакъикъэ 41-м Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыналъэм балли 2-м нэсу щІыр щыхьеящ. Республикэм и куейхэм ящыщу щытыкІэхэмкІэ зэрыщІэзыІуэтэжащ, Зэтекъутэныгъэ-рэ хэкІуэдарэ щыІэкъым.

Нартсанэ (Кисловодск) и сейсмостанцыем къызэритамкІэ, балли 6,2-рэ и лъэщащэ щІыр щыхьеящ Курджым и ищхьэрэ-къухьэпІэ лъэныкъэрщ.

АРУАН Алий.

●Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм

Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыщ икIи ямыгуэшщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ Iуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ «Адыгэ Хасэ», «Алан», «Вече» жылагъуэ организацэхэм я унафэщIэхэм ирагъэкIуэкIащ.

БАПЪКЪЭР лъэпкъым и «Алан» жылагъуэ организацэм и тхьэмадэ **Беппаев Суфьян**, я зэгухьэныгъэм и Iуэху еплъыкIэр къыщIиуатэм, кьыхигъэщащ къару гузэхэм жылагъуэ-политикэ щытыкIэр зэIагъэхьэну хущIэкъуами, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIэм республикэм мамыр псэукIэр щахъумэну зэрахузэфIекIар.

Беппаев Суфьян зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Парламентым деж кьыщызэрагъэпэщащ щIы IуэхумкIэ зэгурызыгъаIуэ комиссэ. Абы щIыхь 36-рэ хэтщ. Къэбэрдей, балъкъэр, урыс зэгухьэныгъэхэм дэтхэнэми 12 хуоз. Абыхэм ящыщу тхурытхур жылагъуэ организацищым къахоки. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм я ужькIэ, мы махуэ гъэнэгъуэм КъБР-м и Парламентым и лэжьыгъэм щIидзэжынущ, комиссэри и пщэрылъхэм пэрыхьэнущ. Абы и кьалэныр гъэтIылъыпIэ зимыIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ зэфIэхьныкъуэ, 19-20-нэ лIэщIыгъуэхэм жылагъуэ щIыналъэу щытауэ иджы статус хэха зыгъуэта гъэмахуэ хъупIэхэм ежьэпIари хэту.

Альплагерхэм я дежкIэ нэгъуэщI зы лъэпощхьэпон кьыкъуэкIащ. Ахэр хиубыдащ федеральнэ мылъкум хыхьэ щIыхэм я гъунапкъэм. «Алан» организацэм и тхьэмадэм кьыззригъэлъэгъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм я мурадщ альплагерхэр здэщыIэ щIыпIэхэр гъунапкъэ статус зиIэхэм кьыхэгъэкIыныр зрагъэхъулIэну. Ауэ а Iуэхур иджыри нэсу зэIубэу щытщкIым.

«Алан»-м и унафэщIым республикэм и щIыхэр кьыхуриджащ пэкIуэр зэхамышу, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр хабзэм тету зэгъэпрахыну.

Къэбэрдей Балъкъэрым и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ организацэм и тхьэмадэ **ЖьэфIщIэ Мухьэмэд** ар диIыгъащ. Абы кьыхилъхьащ зэрыщыту щIыхубзм, жылагъуэ организацэ псоми ящыщкъэ хэту, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыпсэу лъэпкъхэм я сьеэд ирагъэкIуэкIыну.

Кьытегъаз хэмытыжу делегатхэм зэкъуэгъуэ кьагъэлъэгъуэн хуэмыну: Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыщ икIи ямыгуэшщ, Урысей Федерацэм и щIыналъэм и статус абы зэрихьэр дяпэкIэ зэи зызымыхъуэжщ. ЖьэфIщIэ Мухьэмэд ирипIейтейуэ кьыхигъэщащ щытыкIэр зэIагъэхьэну, Къэбэрдей-Балъкъэрри хэту, щIыналъэхэм лъэпкъхэр щызэщагъэхьэну хущIэкъуу къару гузэрхэр щIэмыгъуэ зэрыулъэпхьащэр.

- Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым СССР-р зэракъутэкам хуэдэ дыдэу Урысейри зэтрагъэщэхэну политикэ къару фIыщIэхэр зэрыщIэхъуэпсыр. Апхуэдэ щIэгъэстакIуэхэр республикэм и зыужьыныгъэм, лъэпкъ зэхущытыкIэхэм, къэщIэрэщIэжныгъэм зэранышхуэ яхуохъу, Iуэхугъуэхуэхэр гъэззащIэныр зэтрагъэз. Ди къэралри, ди щIыналъэхэри зыуэ щытхъумэфIынур лъэпкъ псори дыззкъуэувэмэщ, - къыхигъэщхьэхуэкIащ Къэбэрфыщ Мухьэмэд.

Зэ1ущIэм хэтахэм къагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым фIы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъуэхэр кьызэрыщыкъуар: иужьрей илъэсищым республикэ бюджетым хуэдищкIэ хэхьащ. ГъуэгуэкIэ, социальнэщэнхабзэ Iэнатlэхэм я унафэлъэхэр яуэх, жылагъуэхэр зэIуэзэпэщ ящI, туризмэмрэ курортхэмрэ я щIыпIэхэр ирагъэфIакIуэ.

Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» обществэм и унафэщI Канунников Анатолий, бжыгъэхэр и тетъэщIапIэу, щапхъэ пыухыкIахэр кьихьащ: илъэситIым кьыриубдзэу Урысейм и Илщэ щIыналъэхэм школ 45-рэ кьыщыдзэIуахащ. Абы щIыщу 15-р Къэбэрдей-Балъкъэрым хуоз.

Канунников Анатолийкьигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъ псоми, абы и дэтхэнэ зы щIыхуми дежкIэ щIым ехьэлIа Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэрир. Сыту жыIэмэ, ар абыхэм я зэIуэзэпэщныгъэм сыткIи епхащ.

Зэ1ущIэм хэтащ къэбэрдей, балъкъэр лъэпкъхэм я «Адыгэ Хасэ», «Алан» жылагъуэ организацэхэм, урыс тхыдэмрэ культурэмрэ я «Вече» обществэм я тхьэмадэхэм я къуэдзэхэу **Щоджэн Риммэ**, **Абшаев Магомед**, **Тимофеенкэ Евгений** сымэ. Абыхэм кьыхагъэщащ иужьрей зэманым щхьэхуэныгъэмрэ гъэпцIакIуэхэмрэ куэду кьыззрыунэхуар.

- Ахэр тхыдэм и пэжым зэрыхуейуэ хэпщэфыхьым и закъуэкъым, атIэ я напIэр мыхуалэу пщIыр щыхуэм бгъэдалъхьэ, лъэпкъэр зыгъэпуд. псалъэмакъ мышухэр кърахьэкI. Мурад бзаджэхэр зи гуращэхэм я зэран йокI зыщыщ лъэпкъым, яIыгъ диным емыIыпытауэ республикэм щыпсэу псоми. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм мамыр гъащIэмрэ зэпIэзэрыпныгъэмрэ щытхъумэну дыхьеймэ, республикэм и щIыхэр зым хуэдэу дыз1экъуэувэн хуейщ, - къагъэлъэгъуащ абыхэм.

КъБР-м и унафэщIхэм къаруушхуэ ирахьэлIэ экономикэр къЗIэтыжыным, Iэнатlэхэр щIэм тету унэтIыным. Мы зэманым республикэм и щIыналъэм щолажьэ предприятэшхуэу пщIы, Iуэхущ1апIэ щIыкIуу щ1 бжыгъэхэр. Илъэс гъунэгъуэхэм зэфIагъэкIыну Iуэхугъуэшхуэхэм ящыщщ псэупIэ хьэблэ зIыуэпсщхэмрэ къалэ тепIъэ зиIэ поселкэ мыинхэмрэ хуэунэр.

Зэ1ущIэм хэтахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм и къуэрадзащ щхьэрэхуащ ди республикэ щIэрадзщ и сэбэп зыхэлъхэр зэкъуэту яхъумэн папщIэ, мамыру, зэгурыIуэу зэдэпсэунхэр.

КЪУРАЛЕЙ Иринэ.

● КъБР-м и Президентым къыхуатххэр

ФIыщIэ къыхуащI

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и Интернет-хэщIапIэм щыхуэхэм зэпымыуэ зыхуагъаз. Ахэр теухуащ я щхьэкIэ зыгъэпIейтейхэм, я чэнджэщхэм, я Iуэху еплъыкIэхэм, гъащIэм зыщыкъуэзэ щыщIэныгъэ хэм. Абыхэм ящытщ фIыщIэ тхыгъэхэри.

КъАПЩТЭМЭ, нужьрей тхъэмахуэ зэхуакум кьагъэхьахэм мымащIэу уащыхуоз президентым республикэм щыпсэурэ яхунщ1а тыгъэм - Лепс Григорий и концерт пщIэншэу кьаззрыхуэзэригъэпэщам и теухуа тхыгъэ гуапэкъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэу куэдым кьагъэлъагъуэ я адэжь лъахэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэфIэхэр зэрыдаIыгъыр:

«Ди лъэпкъым щхьэкIэ блэжь Iуэ хуГуэхушхуэхэм папщIэ фIыщIэ пхуэсщIыну сыкуеиГ. КьыззхъуэлIэри, республикэм и щIыкIэ Iэнатlэ хьарзынгъэфIэкIэ

● Жыжьэ - гъунэгъу



Арщыданыжьыр пщыжь тIысыпIэщ

Къуажэр зэраухуэрэ илъэс 340-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Махуэр щыбзыгъэм, Мэртазэ и тIыгъэ лъаганIэм уиплыкIмэ, нэм кьыIуедзэ мэзылъэ щыпIэм и щыбагьхэм щытэджа кьуршхэр. Абыхэм фIыуэ йолъэгэкI Щхьарэ. Абы и папщIанIэ уэгум етам кьыбжеIэ ар и инагькIэ Iуащхьэмахуэ и нехьэкъехуэу зэрыщытыр. Куэдрэ гу лъыдмытэж щхьэкIэ, телыджэщ мы щыпIэр. Нэри псэри дехьэх. Аргуданыр щыкIури псынэпсэщ, АргуданыщIми и пшэрагькIэ ефIэкI ди лъахэм зэрыщымыIэр пасэрейм куэд щыгуэ щыхуэтащ. ЗэманкIэ уэзIебэкIыжмэ, бжейкIэ, жыгейкIэ, мейкIэ, кхьужьейкIэ, нэгъуэщI жыгхэмкIи кьулей Арту дан мэзыжьри псэуалъэ хэкIыпIэт, пхъэщцхъэмыщ-

Сурэтым *(сэмэгумкIэ кьыщыщIэдзауэ)* **щысхэщ Захаров Иванрэ Арахъэ Къамболэтрэ; щытхэщ Кьакьий Щыкiуэрэ Быхъуерэ Хьэмзэтрэ.** *1914 гъэ*

ИжЬ-ИжЬжЬ лъандэрэ Аргуданыр бгы гъапэу, зэрыпхъуакIуэ кьакIуэ хъужькъуэмэ, зыхъумапIэт, быдапIэт. Сытми, Аргуданыжьыр куэд зи нэгу щIэкIа щыналъэщ. Абы и щыхьэтщ Джэрмэшыч Iуащхьэр, Сэнтх кIыхьыжьыр, Мэртазэхэ и Iуащхьэр, Хьэнкiыргъуей щыгужьыр, ЩкIэщыщхьэкъуэ мэзыр, Хъуромэ щыгур, Iуартэ и пIьапIэ мэз Iуащхьэр, Гумады Iуащхьэжьхэр, Бжыгъэфыкъуэ къуэнэфыр, ЩхьэпылъапIэр. Мы ижьрей щыпIэщIэхэм епхащ хъыбар щхьэхуэхэр. Тхыгъэ хуабжьу зэмэщIэкI ди лъэпкъ тхыдэм а фэеплъэм ди щIэныгъэр егъэбагъуэ, дымыщIэж куэд халъхэ. Ахэр тегъэщIапIэ мэхъу къуажэм и бзаIар зэрIэгъэувэжьыжмкIэ.

КIэщIу жыпIэмэ, Аргуданыр нобэ-ныжжэбкъым. Зэ тIысигъуэ мыхъуу илъэс куэдкIэ дыхэлъ мы Iуэхум. ИкIи ар мыпхуэдэ махуэм тIысащ жыпIэуи букъуэдий хъунукъым. Ауэ, абы и ныбжьыр къэтхутэну и ужь дыщихьэкIэ, Iэмал имыIэу дигу кьащIэкIыжьыпхъэщ ди тхыдэм кьыщыхуэ мы Iуэхугъэр.

1641 гъэм къэбэрдей жылэхэм я нжьыбзр Псыжь Iэпхъуауэ щыташ пщыIшхуэ Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэ я пашэу. Хэкур зымыбгынауэ къэнахэм ящыщт Джылахъстэней, Тальостэней пщы жыIэхэр. Дыжьынигъуэ Мэртазэхэ Тальостэнхэ я гъусащ. Илъэс тIощIрэ пщIырэ нэблагъэ дэкIа нэужь, 1670 гъэм, хэкум икIахэр кьыщIэжащ пщышхуэ Къазий и къуэ Хьэтiохъущыкъуэ, Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэр яхэмытыжу. Аргуданыр къуажэкъым дэт «Мэртазэхэ я тIыгъэ» пщы чор и щыхьэтщ Мэртазэхэ а пхъэхьэнэм мы щIыпIэм зэрыщыпсэуар. ИкIахэм кьыщагъэзэжкъым пщы Къетыкъуэхэ я щIапIэжьым е къитIысхьажа, е цIэрыщIуэ щIыр щагуэшыжьым къалъыса, сытми, щэч зыхэмыпIыр аращи, пщы Тальостэнхэ я дыжьынытIуэ Мэртазэхэр Къетыкъуэхэрэ зэпэщIэуващ а щIыпIэм щхьэкIэ. А зэныкъуэкъуныгъэм и хъыбар куэдри уэрэдыжьи нобэ нэсащ. ЯкIэм-икIэжьым,

Мэртазэхэ ирахуащ, здэIэпхъуар къегъэпъагъуэ 1744 гъэм урыс топограф Чичагов Сепан зэхилъхьа Къэбэрдей жылэхэм я картэм. Мэртазэхэ я къуажитху Псыхужь (Белая речка, Ансу, Урсдон, псом къикIри зыщ) псыхъуэ дэтIысхьащ. Зэман дэкIри, жылэхэ зэхъуэ хусым щыгъуэ, Мэртазэ хэ аргуэру зэ жьэпкъым къикIри тафэм къэIэпхъуащ, Iэрч адрыщ.

Мэртазэ хэ ирахуу мы щIыпIэм Къетыкъуэхэ итIысхьа зэрыхъуам и щыхэтщ, псалъэм и хьэтыркIэ, Къетыкъуэ Асльэнбэч и бын пажэ Хьэмырзэ и пщы чор 1744 гъэм ирихьэлIэу мыбдеж зэрыщыIар. ХэкIыпIэ зимыIэж Мэртазэхэ яуса уэрэд щIэнэкIалъэм щыжеIэ:

Къетыкъуэ и къуэу кIуэцIыф,
Фадэфэным хуэIёзэ,
Быдзуэ зэIэзэр зи пащIэ,
ПыIуэ хуащIыр зэмыкIу,
ЖьлитIыр зэкIум зи жагъуэ.

ТхыгъэкIи Iуэрыпуатэкiи нагъэщ Аргуданыр ипIэ ирса пщы лакъуэхэр. А псомкIи хьэ щыкъуэдт. Бланэ, мэз бжэнхэр, мэз джэдхэр гъунэжти, щакIуэхэм я кьэльтмакъыр сыт щыгуи изт. Аргуданыр ауэрэ, Гуарт э и пIьапIэ удэкIуеямэ, и хьуре ягъкIэ нэр здынэпIалъсыр Iэгъм, илъым хуэдэу щыбо лъагъу. Гумады Iуащхьэжь лъапэ и хъунIэхэм шыбэр щыхъуакIуэрт. Арагъэнщ му щыпIэ дахэр пщыжь тIысыпIэ щIэхъуари, зэфIытрахыу , ер кьикIыу. Уеуупсыс хъунущ пщыжьхэр кьэунэхун ипи мы щыпIэр тепщэ Iэдэжм я егъэзыпIэу щытауэ. Аращ «Арщыданыжьыр пщыжь тIысыпIэщ» псэльафэм и лъабжьэр.

Тэрчокъуэ Къамболэт

Iэрэмысэ Ахьмэд

Къатинэ Хьэсэнбий

Сосналы СультIан

Дзэгуей Аскэр

Къардэн Владимир

Къыдыгъэщ щыташ Аргуданыр Къетыкъуэ Асльэнбэч и къуэ Хьэмырзэ-ЛIыкIэщI. Къэбэрдейр щхьэхуиту псэун папщIэ, абы и псэр ятащ 1779 гъэм, и къуэ Исмэхьил и гъусэу. Заузэкьым ираджауэ щытащ аргудандэсу щу тIощIым щIигъу, абы ящыщу 14-м Георгий и жор дамыгъэр кьаахьыфащ. Хэку зауэшхуэм кIуащ аргудандэсу щIалэ щитху, абы хэм щыщу кьэкIуэжар 200-м нэблагъэщ, нобэ псэужьыр щы къудейщ. А зауэ гуащIэм куэдым щагъэлъэгъуащ лIыхъужьыгъэ ин. Абы и зы щапхъэщ сержант Сунш Мэсэдин Хьэтiохъущыкъуэ и къуэм зы зауэ Iэнатiэм 1942 гъэм нэмыщ танкыу 9 зэригъэсар. Абхъазым и Хуитыныгъэр къэзэуным аргуданщIалэ зыбжанэм я псэ щIатащ. Абыхэм ящыщу Абхъазым и лIыхъужь щIэкIыфIащащ Къардэн Владимир (Генэ) Темыржан и къуэм, Дзэгуей Аскэр Iэмыр хъан и къуэм, Сосналы СультIан Асльэнбэч и къуэм, генерал-лейтенантым, Абхъаз Республикэм зыхьумэжыныгъэмкIэ и министру лэжьам.

Псомиящ Аргуданыр къуажэр зауэ нэужьым гуащIэдэкI лэжьыгъэкIэ икъукIэ щIэрыIуэу зэрыщытар. 1967 гъэм жыIэм къыхуа-гъэфэщауэ щытащ Совет Союзым и орден нэхъыщхьэ дыдэр. Социалист Iэжьыгъэм и лIыхъужь щIэлъапIэр, къэралым щызэкIуэ дамыгъэ инхэр кьаIэжьыфащ колхозым и унафэщI Тэрчокъуэ Къамболэт Чыцу и къуэм, нартыхъэжьIэу Iэрэмысэ Ахьмэд Къамболэт и къуэм, Къатинэ Хьэсэнбий Жантемыр и къуэм. Щэ бжыгъэ мэхъу къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр зратар. ГуащIэдэкI лэжьыгъэм поув щыхуар гъэсэныкIэ, егъэджэныкIэ, узынщагъэр хьумэныкIэ екIуэкIа лэжьыгъэшхуэхэр, абыкIи щапхъэ я лъапсэуу кьакIуэкIащ.

Къуажэм кьыдэкIащ республикэ псом ящыкъуагъэнIэхэр: Сэбаншы Къэжсет Машэ и къуэр, КIуащ Тамерэ Хьэрэт и пхъур, Тазий Хьэжмурат фIыщIэ и къуэр, Молэмусэ Хьэжмурат ПIытIу и къуэр, Бозий Борис Зэчрей и къуэр, Нэгъуей Бесiлъэн Сэфарбий и къуэр, Мэремкъуэ Валерэ Хьэсэн и къуэр, Къущхьэ Хьэспий Билял и къуэр, нэгъуэщIэхэр. Гъуазджэм и лэ жьакIуэ пашэхэр зэщIигъэуIуэу илъэс куэдкIэ режиссер нэхъыщхьэу Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щытхъу иIэу щылэжьащ Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист Ерчэн Леонид Хьэжмырзэ и къуэр. ФIыкIэ и цIэ кьиуапхъэщ тхакIуэ Жылэтэж Сэлэдин Хьэмзэт и къуэм. Куэд мэхъу ахэр. Ди университетым, нэгъуэщI еджапIэ ищхьэхэм щолажьэ ди жылэжьым кьыдэкIа куэд, республикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпашэхэри машIэжьым.

КъИКIУАЩ Аргуданыр жылэжьым гъуэгуанэ кIыхь, гъуэгуанэ мытынш, ауэ, сыт хуэдэ гугъуехь Iущ1ами, ар ерыщу пэщIэтащ псэуныгъэм, абы ихъумащ ди нобэм къэ адыгэбзэ дахэр, лъэпкым и хабзэфIэкIэр, адыгэ хьэлщэн екIухэр, ящIакъым IэщIыб адыгагъэр. Аргуданыр пщы жылэу зэрыщытам и фIыщIэщ, дауи, мыбы лъэпкъ тхыдэр фIыуэ зыльагъу икIи зыщIэ. IуэрыIуатэкIэ Iэзэ, хъыбарыжьхэмкIэ, уэрэдыжьхэмкIэ гупыр дэзыхьэхыф лIы Iущхэр зэрыдэсар, абыхэм я Iэужьи ноби зэрыщыIэр. А жьитIэм и щапхъэщ пщы Дахъушокъуэ Мыхьэмэт Нэгумэ Шорэ и тхыдэр щитхьам адыгэ хъыбархэмкIэ кьэIуэтэжакIуэу зэриIар. Нарт хъыбархэр, уэрэдыжьхэр щызэхуахьэсыж зэманхэм хэлъхьэныгъэ ящыфащ Жыгун Кургъуокъуэ, Iэрэмысэ Тэрэт, Жылэтэж Хьэжмурат, нэгъуэщIхэми.

МащIэ-мащIэуэрэ мы зи гугъу тщIа псоми тепсэлъыхьыпхъэт зыубгъуауи, ди Iэдакъэ къыщIэкIауэ допытэ Аргуданыр къуажэм и тхыдэр. Абы и зы Iыхьэщ къуажэдэс куэдым я унэщIэр, абы я кьежьапIэр, зыужьыкIэр къэхута зэрыхъуар. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, Мамхэгъ, Жэмбичэ, Джэдгъэф, Бэдракъ, Бераклъ, ХьутIэжь, Сабаншы, Сунш, Мыд, Ерчэн, Чэрты, Дзэгуей, Кьантемыр нэгъуэщI лъэпкъыщIэхэри. Ауэ нобэрей ди псалъэмакъыр нэхъ укъуэдиауэ зытеухуар зы закъуэщ: къуажэр Аргуданлъахэ щытIыса гъэрщ. Ар 1670 гъэщ жытIэу дубзыхуми, пщIы зыхэмыIыжьыр зыщ: мы щIыпIэр, зэрыжьитIащ, итъащIэ лъандэрэ щIыху зекIуапIэу щытащ. Адыгэхэми ижьижьыж лъандэрэ мыр зэрахэщIапIэм и щыхьэтщ ШэрэдЖ ауэри Аргуданыр псыхъэури Идарейм ихьхьэу зэрыщытар. Ауэ, тхыгъэхэми кьызэрагъэтIагъуэмкIэ, хьэблэ-хьэблэу Къетыкъуэ жылагъуэу зэхэтIыкIыжу Аргуданыр зы къуажэ зэрыхъужрэ 2010 гъэм илъэс 340-рэ мэхъу.

ДЖЭГЪЭФ Борис,
тхыдэмкIэ къэхутакIуэ, тхакIуэ.

● Футбол

Дзыхьмыщ1ыр Новороссийск ягьакIуэ

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм хэт командхэм футболистхэр зыхагъэхьэну щыхуит лъэхъэнэр мы гъэм эфIэкIащ. Дижагуэ зэрыхъуащи, абы и кIуэ дыдэм «Спартак-Налщыкъым» дей щыхъуащ Дзыхьмыщ1ыр, Балэр, Битокъур.

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭМ ди командэр зэрыхэтэрэ абы щыджэгуа Дзыхьмыщ1 Марат Новороссийск и «Черноморец»-м бэджэнду иратащ. Ар гъусэ яхуэхъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIуэу а къалэм и щIыхьыр зыхъуэ Къаралъэпашэм, Емкужуким, Кэнаевым. Ящэ дивизионым и кIэух увыпIэхэм ящыщ зым щыт новороссийскдэсэр хуабжьу щогугъ я командэр зэрыт щытыкIэ гугъум къикIыныжмкIэ Дзыхьмыщ1ыр сэбэп къахуэхуну.

Балэ Рустамрэ Битокъу Тимуррэ нэгъуэщI командэ къыхуамыгъэлъагъуэу яутIыпщащ, зыхэтыну гупыр езыхэм къагъэутыжыну хуейуэ. Мы тIуми фэбжь хьэлъэ иэгъафэ яIащ икIи, ди жагъуэ зэрыхъуши, премьер-лигэм щыдэгуфын хуэдэу нэсу эзкIэ закъыхуэужьыжакъым.

«Спартак-Налщыкым» къэзыгъэзэжахэм иджыри зы къахэхъуащ. Ар 2003-2005 гъэхэм абы хэта гъуащхьауэ Овчинников Сергейщ. Псыхуабэ и «Мэщыкъуэ-КМВ»-м къращыжа а щIалэм нэхъапэм ди командэм зэIущIэ 78-рэ щригъэкIуэкIащ икIи топ 16 хьэрхуэрэгъэхуэм щахудигъэкIащ.

ХЬЭТАУ Исльам.

●Атлетикэ хьэлъэ

Федерацэм и президент Къаздэхъу Альберт

Мы махуэхэм зэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Атлетикэ хьэлъэмкIэ и федерацэм и зи чэзу зэIущIэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ федерацэм и президент Бечелов Ильяс, президентым и къуэлэ Уэзэрокъуэ Абубучыр, Бахьсэн район администрацэм и унафэщI Къаздэхъу Альберт.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ илъэсблэкIам эфIагъэкIа Iуэхугъуэхэмрэ къапэщылъхэмрэ. Къищынэмыщ1ауэ, федерацэм и президентыщIэу хахащ Къаздэхъу Альберт, Бечелов Ильяс федерацэм щIыхьэ и президенту къащащ. Зэхуэсым щыхахащ гъэзэщIакIуэ комитетымрэ гъэзэщIакIуэ директорымрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Стрит-бол

Республикэм спорт лэужьыгъуэщ1эм зыщ1ещ1ыжь

Тхьмахуэ кIуам «Нарт» хьэщIэщым и спорт утыкум щекIуэкIащ стрит-болымкIэ щыхухьэхуэм и кьалэ зэхьэзэхуэ зэпхуэ. Надыжьдэхэм я командибым кьыщыгъэмыщIа, абы къриухьэлIащ Прохладнэ къикIа гупрэ.

ЗэХЬэЗэХУэ гуащIэхэм япкъ иткIэ ящэ увыпIэр яубыдащ Сабийхэмрэ щIалэгъуэлэмрэ я творчествэмкIэ республикэ уардэунэм и гъэсэнхэм. ЕтIуанэ хуэщIа «Старэ» гупыр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и командэр ещанэщ.

ТекIуэхэм грамотэхэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ.

МЭЗКУУ Къанцобий.

Сунш зэкъуэшхэм (Ануарбий, Мартин, Сэфарбий) жылэм щауха мэжджытыр.



Мэртазэхэ я тIыгъэ Iуащхьэ.

●Гу зылъытапхъэ

Хьид концертым фрагъэблагъэ

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ нэщI мазэ лъапIэм и щIыхькIэ концертышхуэ.

Я уэрэд дахэхэмкIэ къыдхуэупсэнущ уэрэджыIакIуэ щIэрыIуэхэу Сокъур Ольгэ, Зеущэ Iэуес, Даур Иринэ, Тхъэгъэлэдж Светланэ, Хьэрэдурэ Динэ, Хьэтыхъу Эдуард сымэ, зыкъагъэлъэгъуэнущ артистхэу КIэмыргуей Валентин, Дым Елдар, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и солистхэм, къафэмкIэ «Экстрим» театрым хэтхэм, я зэфIэкI фагъэлъагъунущ уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэми - Тэхьыр Заремэ, Къудей Аскэр, Уэзэрокъуэ Чэрим, Щоджэн Iэминэ, Мэзэшокъуэ Муртаз.

Хьид концертыр екIуэкIынущ фокIадэм и 21-м, нэщIикIыж махуэм, сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щIидзэу.

ФIыщIэупщIэ хъунущ мы телефонымкIэ: **44-22-10**

Ажалым къызыпикIухьа

●Фэеплъ

Яхэгуауэ Михаил

ЯХЭГУАУЭ Михаил КъуэкIыпIэ Жыжьэм къулыкъу щищIэрт. Зауэр къэхьейри, сэлэтхэр абыкIэ куэдрэ щаIыгъыжакъым. МафIэгухэм кьрагъэтIысхьэри, дыгъэ кэхьыпIэмкIэ кьыдрашеижащ. А гъуэгуанэ кIыхьым зэрыщыгувар хьуумыбжэмэ, Хэку зауэшхэр екIуэкIыху Яхэгуауэр лагъымыдз батареем связисту хэтащ.

1943 гъэм ар щозауэ Курск деж. ЛъэныкъуитIымкIи танк минхэр щыззэпэщIэувауэ къызэрекъутэ хэрт. Совет Iэпэр фашистхэм ейм зэрефIэкIыр абдеж наIуэ щыхъуащ. Ди лагъымыдзхэмри лъэпкъ зэрыщыгъэнакъым - жыр машинэ Iэджэ хьабэсабэ ящIащ.

"АтIэ Яхэгуауэр сыткIэ къэсэпта, топ зыгъауэхэм яхэмытамэ, танк ису ебгъэрыкIуахэми ящымыщамэ?" - жиIэу щIэупщIэн гуэри къыхэкIынщ. Ауэ фронтым Iутар фIыуэ щыгъуазэщ дэнэ дежкъыщахьа текIуэныгъэми связистхэм я фIыщIэ зэрыхэтыр.

Зауэр и гуащIэгъуэу екIуэкIыну нэхъ щыпIэ шынагъуэ дыдэхэм кIуэрэ кIапсэхэр зэпищIэжыну къыхуихуащ псыгуэнсу щIалэм. Биишэр и хьуреягъкIэ хъущыкIпIэнкIыу, зэм пщыуэ, зэми къыщыпIэтрэ жауэ связыр щызэпыуда щIыпIэр къыхуугъэрт икIи зэригъэзэхуэжыгъ.

Ари къыщыхъуар Курск дежщ. Зэхэуэр зэщIэпIъауэ полкым и батареемрэ унафэщIхэмрэ зэмыпсэльэжьыф хъуащ. Топхэм заущэхуащ. Ахэр нэуфIыщIыхьэрыIуэу ягъауэркъым - ууейхэм удын ятебдзэнкIэ шынагъуэщ... Яхэгуауэ Мышэ щIэпхъуащ, губгъуэм кIуэщIрыша кIапсэр иубыдри. Ауэ ар куэдрэ ягъэжакъым. Пэмыщэ хэр гъуэнэгъу дыдэу къепщыпIауэ къыщIэкIати, шэ къытрагъэпIалъэхэм адыгэлIыр щым иралуIащ, и щхьэр кърамыгъэзэту.

КъуаIэ зэрыт къуэм нэсыным зэ итыныгъуэт кьыхэнар - абдежым биишэхэр къыщылъэIэсыжьынутэкъым. Яхэгуауэм и ныбжьэгъу Болотов Захар къыкIэпъыджащ: "Мишэ, къэгъаазэ", - жиIэу. ИкIи фашистхэр абы трагъэпIъэкъуIыну и щыбагъымкIэ автоматэ уэ макъхэр къыщыIуащ. Кьигъэзэжами хъунут, ауэ ар и щхьэм трилъхьакъым, "бийхэм сапэщIэхуащ иджы" щыжиIэм, къыщыIьэтри жэрыгъэкIэ метрипщI хуэдэ ижащ, аргуэру щым щыхуэдзэжащ. Иджы Яхэгуауэм зызыкъуигъэпщкIуэн щыIэт - джабэ нэпкъ щыкIымрэ къуаIэ-ныщэмрэ кьахъумэрт, КъИIэбэрзбыхьурэ Мышэ кIапсэр кьигъуэтыжащ икIи ар зэдэшэщIамкIэ езыри пщыуэрэ щыщэпыуда щIыпIэм нэсащ. КIапсэр зэпищIэжыну хуэзэ къудейт фашистхэр абдежым къыщеуам. И гъунэгъуу къыщыуа лагъымым джабэ нэкIум къыкIэриуда щIыр абы къытрипIэжащ. Езым ягъэ екIатэкъым. ЩIы къытрипIам къыхэпщыжри, абы лъэныкъуэ зригъэзащ...

Шынагъуэ куэдым къелащ Яхэгуауэ Михаил. Сыт хуэдэ гуэзвэгъуэ пэщIэмыхуэми, щтэу имыщIапхъэ илэжакъым. ЗдэмыкIуапхъэкIэ кIуэкъым, лIыгъэрэ губзыгъагъэрэ хэпъу зэрыхуэ щытыкIэ гугъум къикIыжьыфащ.

БжьыхьэхуегъэзэкI хъуауэ ди дзэкэр Днепр екIуэлIащ. Оболонье кьуажэм пэгъунэгъуу щекIуэкIа зауэ гуащIэм лIыгъэшхуэ щызэрихьащ Яхэгуауэм. 360-нэ фочауэ полкым и лагъымыдз батареем и ефрейторым дамыгъэ лъапIэ кьызэрырата тхьапшэ ратащ: "ЩIыпIэшым кIапсэр щызэпыдауэ къехутэ ефрейтор Яхэгуауэм. Биишэхэр а щIыпIэм кьызэрытелъалъэр илъагъу пэтми, и псэм емыблэжу псынщIэу связыр зэфIигъэувэкIащ, абы лагъымыдз батареем хуэзфIэкIащ биим и мафIэр зэтезыIыгъэ удын иридзыжын. Зауэр здекIуэкIым аргуэру Яхэгуауэ Михаил кьихутащ кIапсэр зэрызэпыудар, ауэ ар щызэпыча щыпIэр иджыри биим иIыгът. Абы щыгъуэ шынакъым Яхэгуауэр - кIапсэр зэпищIэжыну екъащ. ЩIалэ хахуэм гъуэгум фашист зауэлIитху кьыщыхуэзатри, зы къэмыпIэм къыхэпщыжри, абы лъэныкъуэ зригъэзащ.

Биим еуэну батареем аргуэру Iэмал игъуэтыжащ...".

Днепр япэу зэпрыкIа зауэлI гупым яхэтащ Яхэгуауэр. Связыр къызэрызэригъэзэщыжыну кIапсэхэрэн Iэмэгъэсымэхэри здызэпришат. Псым зэпрыкIахэм къебгъэрыкIуа бий куэдым зыщахъумэжын хуей щыхъуэм - Яхэгуауэми, къыпэщыта кьалэныр зэфIигъэкIауэ, Днепр и сэмэгурабгъур кьреджэ икIи топхэмкIэ фашистхэм нэхъ щеуэну щыпIэхэмкIэ дзэ унафэщIхэм хъыбар ярегъащIэ. Ижьырабгъу ныджэм биим къыщихуэрехьа дзэ пакIэр къелынтэкъым, адрей псы Iуфэм хуаIа пыщIэныгъэр зэпыуамэ. Ар зэпигъэуакъым адыгэлI хахуэм - Днепр псыишхэм кьызэприша кIапсэр щызэпыуэ кьызхъуами, кIыхьлIыхь зимыщIу зэпищIэжьфаш икIи совет зауэлIхэр Днепр зэпрыкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ хъуащ.

УIэгъэ зэпытъуэ а зауэм къыIуашыжат Яхэгуауэр. УIэгъэщIи щIэтъащ. Ауэ нэхъыфI зэрыхъуу зауэм яфыIухьэжащ. И унагъуэ хьхъэжа хуэдэт зауэр зэрыщIидзэрэ зыщIыгъуаэхэм я деж щынэсыжкам. "Ди Мишэ, пщащэ махуэ къыхъьэжьэж", - жаIэу къаувыхьауэ Iэплъ кьыхуащIырт, гуфIэщахэу хэт тутын кьыхунщIырт, хэтн зыгъетпIысхьэн кьыхуитъэхъэзырырт. "Сыт мыпхуэдизу фыщIызэрызехьэр?" - жиIэу асыхьэтым батареем и унафэщIри кьыщыIухьэм, псори зэлъыIуокIуэт, аргуэрми и Iэплъэм кьо хутэ, итIанэ бгъэдокIуэтыжри командирым ар кьызэпеплъыхь: "ТIэкIу уфагъэущ, ныбжьэгъу, - къыжреIэ, - ухъужьипауэ узиIэ уэ".

- Ныбжьэгъу командир, ар иджыпсту щIэфагъуэр зы бжьэ ефа нэужь нэхъ тхъуэпIть хьужьи щхьэкIэщ, - мэгушыIэ Болотов Захар.

Командирыр сыхьэтым йопIть.

- ДакъинкьитхукIэ щIыдодзэ эхэхуэм, - жеIэ абы.

- Связыр пэжжэнущ, - жэуап етыж Яхэгуауэм икIи и Iуэху нужь йохьэж. Абы дяпэкIи кьыпэщIитът зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэр и кIэм нэс икIуну.

1943 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м СССР-м и Совет Нэхъщхьэм и Президиумым Унафэ кьищтащ Днепр щызэпрыкIым зэрахьа лIыхъужьыгъэм щхьэкIэ блыщIрэ еянэ фочауэ дивизием щыщ щIыху пщыкIуним Совет Союзым и лIыхъужь щIэр фIащыну. Абы хэм ихэтт Яхэгуауэрри.

Цыху насыпыншэу кьыщIэкIынтэкъым Михаил, зауэ гуащIэ куэдми къелри, ар хэтащ ТекIуаэхэм я епIъыныгъэшхэ Мэзкуу щекIуэлъам. Гурыфlыгъуэшхуэм къыззщIиIэтэу ар блэкIащ фашист ныпфыщIэхэр зи лъабжьым щIадза Мавзолейм.

СОБЛЫР Бабыу.

P.S. Яхэгуауэ Михаил Уэрдэщыкъуэ и къуэр 1945 гъэм, дзэм къыхэкIыжа нэужь, щалъхуа лъахэм къигъэзэжащ икIи мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, иэгъуэщI IэнатIэ зэмыгъэжьыгъуэхэм ехьулIэныгъэ игъэлъагъуэу пэрытащ, КъБАССР-м и Совет Нэхъщхьэм и депутату зэхуэсыгъуитIкIэ щытащ.

И ныбжьыр илъэс 71-м ипу 1990 гъэм Яхэгуауэ Михаил дунейм ехыжащ. Хэкумрэ и лъэхъэнэгъуэхэмрэ я зыужьыныгъэм папщIэ ищIа лэжьыгъэфIыр, и гуащIэдэкIыр гуфIытэнщэ хъуакъым. ЩIыпIэ тхылъ зэмыгъэжьыгъуэу кьыхуагъэдэща псом нэмыщIкIэ, Михаил и цIэр фIащыжащ ар щеджауэ щыта Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт еджапIэм, Налшык и уэрамхэм ящыщ зым (ныэм Учительскэу щытам) зэрехьэ Яхэгуауэ Михаил и цIэр.


● Гъуазджэ

Истамбыл и уэрам.
Сурэтыр Тыркум щыщ адыгэ художникK Лыхужь Аунирэ (1886 - 1927 гъэ.) ищIащ. 1916 гъэ

Нэхъыщхьэр аракъым

Къармэхьэблэ къуажэм щыщ Мырзэкъан Бабий и Iэщlагъэр литературэм пымыщIауэ, усэр фIыуе ельагъу. Илъагъу къудейкъым, атIэ усэ тхынми дехьэх.

Зи гъашIэ псор щIым, губгъуэм ехпауэ къежуэкI Бабий къыщалъхуа щIынальэм, махуэ кьэс зытелэжьыхь щIым хуиIэ лъагъуныгъэм гущIэм къыщIигъуэш гупсысэ дэрэжэгъуэхэр усэ сатырхэм иригъэтIэсэну хущIокьу инди ар мыейуэ кьызэрехьэлIэр жыIэпхэщ.

Дэтхэнэ ныбжьыщIэри усэ тхыным щыдихьэх ныбжьым кьызэриклрэ куэд щIами, Мырзэкъаным и усэхэм хыболъагъуэ гурэ псэкIэ ар ноби эрэщIалэр.

Бабий ящыщ зи щIалэгъуэр зауэ лъэхъэнэм хиубыдахэм, зауэм и фэбжь зытехуахэм, и адэ Лэман зауэм кIуэри, кьигъэзэжакъым - хэкIуэдащ.

Арагъэнущ Мырзэкъан Бабий и усэхэм ящыщ куэд мамырыгъэм, щыр зауэншэу екIуэкIыным я гурыфIыгъуэм щыгтегъэпсыхьар.

Мырзэкъаным и усэхэм нэмыщIыса, усакIуэ Iэзагъ зыхуримыкъуэхэми ушрохьэлIэ. Ау э нэхъыщхьэр аракъым. АтIэ, зэрыжаIэ у, сабэми иуэу, дыгъэми ижьэу, уэщхри кьытешхэрэ уэсри кьытесэу губгъуэм ит дзэкьакIуэкьым и псэ хьэлъымрэ гу хуабэмрэ кьагъэща усэхэр зэрыфэрыщIыншэрщ, еджэм и гум зэрехуэбылэрщ.

УЭРЭЗЕЙ Афлик,
усакIуэ.

Мырзэкъан Бабий. *1963 гъэ*

МЫРЗЭКЪАН Бабий и усэхэр

Гъатхэм и хъэтI

Гъэхэр зэринэкIыу, хэт гъуэгу зэпызычар?
Уафэшхун, щIылъи гуапэу зыпежьар,
Зи махуэ енхэр лъапIэу ехьэжьар,
Ди щIыгум лъапэ махуэ къызычар?!

Къурш щыгум жыжьэу щыIуащ щыблэ макъ,-
ХъыбарегъащIэ гъатхэм и фIэхъус.
Зэхох зи гуэн нуэжхэм я хъуэхъу макъ,
Къэхъугъэ дахэм щыIэн щIэмыхъуэпс?!

Гъатхэпэ-пщэдджыкIыпэ зугунэбзу -
Махуэщ1э пэпльэу щыкIэпшынэу зу.
Акъужь зэщIэжьыуэу бзэпс тхьэгъущ,
Гурыщ1э макъамэу - дуней къэгъэуш!

Зи дыгъэ бзийм уэгу-щIыгур исея,
Хуабэмэ - псэ хэлъхьажу щIым хэпса!
ТIэнIым хьэзыру зи гулъхэр хъуэпса!
Кьалэн мылъытэу хъшхуэ къубея!

Щыхугъэ мамыр гъащIэм хуэгъэпса!
Зи дыгъэ бзийр щIым щабэу къеIуса!
Псэ зыIути зыIумыти зытхьэкъуа!
Щымыlэ пабгъэу уэ къыпшэмыплъа!

ВакIуэлI гъэпIащIэу хьэрхьуп зэпэджэж.
Махуэшхуэр тыгъэу зыгуэш гукъыдэж.
Зи лъэпкъ Iуцыгъэм щIалэтэу и щIыхь.
Тэджащ лэжьакIуэр - «пыIэзэфIэхьщ»!

Елэрхэр зэмыфэгъуу щыгъэгъа,
Зи алэрыбгъур хъупIэм нубгъуа,
ЩIым теткъым псэкIэ уэ пхуэмыуса!
Уи хъэтI щIэщыгъуэр усэ нэтхысащ!

Уи куэщI лажьэншэу щреджэгу сабийр,
ЛэжьакIуэр гуащIэдэкIкIэ зэш-зэдзейуэ,
Уи щIыхькIэ зэпадзыжу я уэрэдыр,
ДрекI лъаганIэм, зэщIауэ я мурадыр!

Бжьыхьэ теплъэгъуэ

Пщхьэщытщ махуэгъэпсым мамыр нэхущыр.
Балъкъи пхуэIэсауэ пхуегъэIу и даущыр.
Сфlэфlщ уи архъуанэ щIэншэр къэстIэщIыну,
Щыху щыкIум и Iэгум налкъутхэр щыблэну.

Бгырыс фащэ екIур зи пкъым щылыдыкI,
Къапщlий налкъут вагъуи щIылъэм щыходыкI.
Гум-псэм дихьэ хьэуа щхъуэпсыр зи салъкъын.
ДыщэкI Iэужь дахэм пеуэн хэт лъэкIын?

Акъужьыр щызеуэ губгъуэшхуэр зысей,
Гуэдз хьэсэ гъэпкIаха эрщ толькъуну къубейр.
Гур щыз хъыскуэзащI пшэпльыфэр зи щIыгу,
Зи Iэнэр зэтещIэу щIы-анэр зи жьэгу.

Асу гъэ гъуэмылэр бэгъуащ, хуэдэ мэш,
Бэв хьэвэ мардэншэр жумарту зыгуэш.
Уэрыншэм гъащIэншэт, жэнэтми дунейр.
Зи гуащIэ еблэжырщ уи фIыгъуэм хуэхейр.

Хуэфащэу зыIэтыр нарт гъавэм и щIыхь,
Щыху гуащIэм етэф берычэтыр зи тыхь,
Пшэ пыIэм къыщIэпльу дыщэпскIэ тхьэщIа
Ди къурш дыжьныжьхъэр зи щIыхькIэ тэджа!

Мэз лъапэм къыщоблэр уи нып-зэрыджейр,
ХегъащIэр жьыуму пыблам жьзумейр.
Гурыщ1э уэрэду хьэгъуэлIыгъуэ къан,
Теплъэгъуэтелъыджэр хьэщыкъ щыхьу зэман.

Мазэгъуэ жэщыбгри щхьэукъуэу мэумэзэх.
Жьы мащIэ Iущаби зэм-зэмкIэ кьыпхех.
Бзыгъабзи щхьэунтIабзи хъуа уафэр къохъуэпсэх.
Къалафэ уэгу лъагэм и сэлами къыуех.

Бгырыс фащэ екIур зи пкъым щылыдыкI,
Гуапагъ налкъут вагъуи дигухэм щыходыкI.
Уэ бжьыхьэ теплъэгъуэ телъыджалъэу медан,
Хэмыт илъэс гъэхэм беягъкIэ пхуэзэн.

Бэв гъунэ имылъхэр щыкуу гъэм и кIыщ,
Лъэхъэнэм и хъубжэ хэпкIахэр зыхуэщ.
Зи щIылъи гъабгъэншэ, зи кIыгъи зэгущ,
Лэжьыгъэм и гуащIэ Iэтахэр къыщапщ.

Хэмыту зыри нэм щIэмылыдэн,
Къолых хъугъуэфIыгъуэу дзыхьэбгъэдэн.
Ди щIыгум щыхуащ Алыхь иным и нэфI,
Ди жьэгуи дрелъ уи бэв-хъерхэм я Iэфl.

Уи махуэ лъытахэр дакъинкъэм къыдобж.
Уи фIыгъуэ тIыгъуахэр вагъуэбэм я пэбжщ.
Гукъеуи гухэщIи ди гъащIэм хогъэз.
Гухэхъуэу уи гъэрхэм ди гуэнхэр ящI из.

Пщхьэщытщи махуэщIэм и мамыр - нэхущ,
Ди Балъкъи пхуэIэсэу пхуегъэIу и даущ.
СфlэфIщ уи архъуанэ щIэншэр къэстIэщIыну,
Щыху щыкIум и Iэгумн налкъутхэр щыблэну.

Зэман

Гугъэфlкlэ гуашэу пщэдейр тхуэзыгъэуш,
Махуэщ1эм и пшынальи тхухэзыш,
Уардафlэу, пагэу сытми тепщэ хуэхъу,
Зэманым хъуэпсэгъуэщIэ къезытыф.

Дыгъэпс налкъут-налмэсхэр щикIута,
Мыужьых дыщафэ теплъэ зыгъуэта,
Дахагъэ зэмыфэгъукIэ зэхэлъхьа
Меданыр хуэдэщ бжьыхьэм Iэщlалъхьа.

Гъэм и бэхъу-бэвыр тыгъэ тхуэзыщIа.
Лэгъупыкъу плъыфэ псомкIи щIэрэщIа,
Пушкин и псысэ ушыжа нэхьей,
Махуэшхуэ фащэ щитIэгъащ дунейм.

Уо, фызхэм я гъэмахуэ гукъинэж,
Дунейм щIэрыщIэу псэщIэ хэзылъхьэж,
ХуэтхупхъэщIыпхъэу дыгъэбзийкIэ тха,
Теплъэгъуэ кIащI- усыгъэ къыхэха!

Гугъэфlкlэ пIащIэу дунейр тхуегъэуш,
Махуэщ1эм и пшынальи къытхуреш.
Iэщlэлъэтыжу гъэхэр жэнэбзуу,
Егуэш зэманым щIалэгъуэ чэзыр.

Си къуажэ

Зи щIыб къыдэту Жэналъкъы бгыху.
Салъкъынкlэ бауэу, Балъкъ зи псыпыху.
Дыгъэпс налкъутхэр зыхуэгъэпса,
ЩIхъуантIагъэ гъатхэр зыхуэупса.
Къуажэжь Iумахуэу Къармэхьэблэжь.
Адэжь и жьанэу мыужьых жьэгужь.
Бжьиблкlэрэ уэуэ къокIуэкI уи лIэужь.
Уи щIыхь яIэту уи бэщ лIыхъужь.
Зауэжь блэкIахэми ятельщ и дыркъуэжь.
Уи бынщ хэкушхуэм щыбелджылы
Узыдэбжьыфlэу Мусэ Менлы,
Тхыдэр зи гъуаэзу Къэпэж Палиб,
ЩIэныгъэлI нэсу Къамбий Мусэб.
Уи Iуэхуфl псомкIи хъууэ уэлий,
Динрылажьэу Хьэзрэтали.
Кьалэн Iэнатlэм щыхахуэ куэд
Уи уафэ щхъуантIэм вагъуэу щолыд.
Уи къэкIуэн дахэм и джэрпэджэж,-
Урипагэну щIыхь мыуЛыиж,
Уи щIэм хуэфащэ хъун фэеплъ пэж
КъышщIэхъуэ щIэблэм ныпхупащэж.

Сурэтхэр Пащты Герман *ищIащ.*

● Школ хъыбархэр

Я щIэныгъэм хагъэхъуэну

2009 - 2010 гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу республикэм и курыт школхэр, сабий гъэсапIэхэр зэгъэпэщыжыным теухуа лэжьыгъэшхуэ екIуэкIащ. Абдыкъем трагъэкIуэда ахъшэр кьыхэкIащ республикэ, щIыпIэ бюджетхэм.

ЕкIуу зэрагъэпэщыжахэм ящыщщ Аруан куейм хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт школ № 3-р.

ЕДЖАПIЭМ и унащхьэр зэхъуэкIыным республикэ бюджетым кьыхэкIыу хуаутIыпщащ сом мелуанрэ мин иблырэ. Абы щыщIидзэщащ школым щыкIэ школым къратащ интерактивнэ доска, проектор зэхуэмыдэхэр зыхэт техникэ комплект. Абы сом минищэрэ пщIейрэ и уасэщ. Зыкуей псомкIи къызэрагъэпэщащ биологиемкIэ кабинетыр, школ шхапIэми технологие оборудованэщIэхэр щIагъэуващ.

Школым и унафащI Щэбэтькъуэ Мадинэ зэрыжаIэмкIэ, республикэм и унафащIхэм къабгъэдэкIа апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэм хуабжьу щыгуфIыкIащ псори: егъэджакIуэхэри, еджакIуэ цIыкIуэри, абыхэм я адэ-анэхэри. Дэри абыхэм дохъуэхъу а къэрал гулъытэм я лъэпкъ-ныр жан ищIыну, узынщэу, я зэфIэкIымрэ щIэныгъэмрэ хэлъхьэну, екъулыкъуфIэхэр зыIэрагъэхьэу гъэ еджэгъуэр ирахьэкIыну.

ТЕУВЭЖЫКЪУЭ Ларисэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛегИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжьэ Тансэ, Хьэжыкьарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэуэ Iуэхущ1апIэхэм я длъэныкъуэмкIэ - 42-22-88; еплъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытехаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху епльыкIэр эзтекуэ зиныту щыгъкым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьныр и пщэ дальщ КъБР-м федералыр ющт зиныщIиныгъэхэмкIэ и управленом.

Тел.: 42-06-51, 42-19-89.

Газетыр щиныжкIэ жэуап екъ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъаэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа РеволюцIэм и щIэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщкI Соня, редактору ЩхьэщэмыщI Иэз, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ *(1,2-нэ нап.),* Бапэ ФатIимэ *(3,4-нэ нап.)* корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, ГъукIэлI Рае, *суэрэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 22.30-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.114●Заказ №2900